



Nimewo Politik:	08.26.001
Egzamine:	04/2020
Revize:	11/2020
Seksyon:	Finans

Asistans Finansyè pou Pasyan

Objektif:

Boston Medical Center (“lopital” la oswa “Sant Medikal Boston ”), devlope politik sa a pou yo idantifye epi ede moun ki gen revni ki fèb, moun ki pa asire ak moun ki mal asire, moun ki enskri nan plan asirans sante oswa nan pwogram asistans finansyè pou kouvri depans sante epi garanti yon aksè apwopriye epi alè pou swen medikal ki nesèsè. Gwoup Medikal nan Inivèsite Boston (Boston University Medical Group, BUMG), kòm yon patnè kolaboratè nan Boston Medical Center (BMC), dakò pou adere ak rekòmandasyon ki prezante nan Politik Asistans Finansyè nan lopital la.

Deklarasyon Politik:

Politik Boston Medical Center (BMC), an patenarya avèk Sant Sante Kominotè ki Otorize (licensed Community Health Centers), se pou li bay swen medikal ki nesèsè pou tout pasyan, kèlkeswa kapasite peman yo, epi ofri yon asistans finansyè bay moun ki pa asire oswa ki mal asire epi ki pa kapab peye. Tout pasyan ki prezante nan Boston Medical Center epi ki bezwen sèvis ijans oswa an ijans, oswa lòt swen ki medikal ki nesèsè, dwe trete kèlkeswa ras, koulè, relijyon, kwayans, sèks, orijin nasyonal, laj, andikap, idantite seksyèl oswa ekspresyon, oswa kapasite pou peye.

Boston Medical Center ofri asistans finansyè pou pasyan ki gen revni fèb, ki pa asire oswa ki mal asire, ki pwouve enkapasite yo pou peye pou tout, oswa yon pati, nan frè yo nòlmalman dwe. Y ap gen pou fè yon egzamen elijibilite pou pasyan ki pa gen kapasite finansyè pou yo peye nan kad Medicaid oswa lòt pwogram ki nan Eta a, Plan Sante pou moun ki kalifye (Qualified Health Plans), oswa y ap evalye yo an fonksyon rekòmandasyon ki etabli anvan pou detèmine elijibilite yo pou asistans nan kad Pwogram Swen pou Charite (Charity Care Program, CP) nan Lopital la. Pwogram Swen pou Charite dekri tout sikonstans kote pasyan yo ka kalifye pou swen gratis oswa ak yon rabè. Se revni fanmi an ki detèmine nivo rabè a, byen yo, gwosè fanmi a, ak bezwen medikal yo jan sa espesifye l nan rekòmandasyon pou elijibilite nan CCP.

Enfòmasyon konsènan pwogram asistans finansyè Lopital la ofri disponib pou pasyan yo lè y ap enskri pou sèvis yo epi lè yo resevwa yon fakti. Yo ka konsidere tout pasyan pou yon asistans finansyè nenpòt lè pandan sik faktirasyon ak koleksyon an. Yon pasyan yo detèmine ki elijib pou Pwogram Swen pou Charite nan Boston Medical Center p ap janm gen pou peye plis pase montan

Boston Medical Center

Manyèl pou pwosedi ak politik

Paj: 2

yo jeneralman faktire pou sèvis medikal nesèsè yo bay, lopital la p ap chèche tou pou kalifye yon pasyan pou swen gratis oswa redui nan kad Pwogram Swen pou Charite nan objektif pou li jenere fon ki pou peye nan kad yon pwogram swen sante federal oswa pou enfliyanse chwa benefisyè yon founisè patikilye, yon praktisyen, oswa yon founisè patikilye.

Komite finans nan konsèy administrasyon Boston Medical Center egzamine epi apwouve politik sa a. Enfòmasyon konsènan Politik pou Asistans Finansyè ak pwogram asistans finansyè, li gen ladan l rezime pou pale nan yon lang ki senp (dokiman A yo ajoute), fòm pou aplikasyon nan Pwogram Charite nan Boston Medical Center , oswa kopi politik sa a ak dokiman Pwogram Swen pou Charite ou ka jwen:

- Nan nenpòt zòn anrejistreman pou pasyan ki nan Boston Medical Center (Boston Medical Center, BMC) oswa Gwoup Medikal nan Inivèsite Boston (Boston University Medical Group, BUMG)
- Kontakte Depatman pou konsèy finansyè pasyan nan (617) 414-5155 oswa vizite biwo nou yo, lendi pou rive vandredi, sòti 8 AM pou rive 5 PM, nan:
 - Shapiro Center, 725 Albany Street, Suite 3C, Boston, MA. 02118
 - Yawkey Center, 850 Harrison Avenue, (etaj anba a), Boston, MA. 02118
- Vizite sitwèb lopital la nan <https://www.bmc.org/services/patient-financial-assistance> pou egzamen oswa telechajman
- Fè yon demann alekri pou kopi yo pa lapòs nan:
 - Boston Medical Center
Atansyon: Biwo pou Konsèy Finansyè
Sant Shapiro (Shapiro Center)
725 Albany Street, Suite 3C
Boston, MA 02118

Aplikasyon:

Politik Asistans Finansyè aplike nan Boston Medical Center , Gwoup Medikal nan Inivèsite Boston, epi ak Sant Sante Kominotè afilye ki ap fonksyone sou lisans lopital la:

- Codman Square Health Center, 637 Washington Street, Boston, MA 02118
- Sant Sante nan vwazinaj Ès Boston (East Boston Neighborhood Health Center), 10 Grove Street, Boston, MA 02128
- Sant Sante nan Kominote ki nan Sid Boston (South Boston Community Health Center), 409 West Boundary Street, South Boston, MA 02127
- DotHouse Health, 1353 Dorchester Avenue, Boston, MA 02122

Eksepsyon:

Menm si Boston Medical Center angaje l pou ede pasyan avèk revni epi resous ki limite aplike pou pwogram ki disponib pou kouvri montan swen yo, Pwogram Swen pou Charite limite nan kouvri sèvis ijans, sèvis ki ijans ak lòt swen medikalman nesèsè. Jeneralman, depans ki eskli nan rabè nan kad Pwogram Swen pou Charite (Charity Care Program, CCP) genyen ladan l:

- Sèvis medsen ki sou kontra bay epi ki faktire yon fason prive olye yo pase pa youn (1) nan gwoup medsen ki afilye nan lopital la.

- Balans kont ki rete aprè pwosesis asirans lan, tankou kopèman, koasirans, oswa asirans franchiz pasyan an dwe.
- Pwograme, pwosedi fakiltatif yo tankou chiriji estetik ak chiriji baryatik, reklamasyon pou machin a motè, reklamasyon pou responsabilite sivil (tyès-pati), sèvis ki gen yon tarif fiks, sèvis gwoupe, tarif kontraktyèl, ak lòt sèvis ki pa medikalman nesèsè oswa lòt sèvis kote lòt rabè yo te deja aplike nan fakti a.

Definisyon yo:

Lwa pou swen abòdab (Affordable Care Act, ACA) – Lwa pou refòm global swen sante, pwomilge an mas 2010 (pafwa yo rele li Lwa pou swen abòdab (ACA) oswa Obamacare), li sèvi pou: fè swen sante abòdab aksesib pou yon gwo kantite moun pandan l ap ofri sibvansyon ("kredi enpo sou prim yo"). Redui frè pou fanmi ki gen revni yo ki sitiye ant 100 % ak 400 % nan limit povrete federal; elaji pwogram Medicaid yo nan Eta a pou kouvèti tout adilt ki gen yon revni ki egal a 138% nan nivo povrete federal la; epi sipòte metòd pou prestasyon swen medikal k ap inove ki fèt pou redui frè swen sante yo an jeneral.

Montan jeneralman yo faktire (Amounts Generally Billed, AGB) - Montan kote yo mezire frè pou pasyan ki pa asire yo. Pasyan ki pa asire yo p ap peye plis pou sèvis ijans yo, sèvis an ijans, oswa lòt swen medikal nesèsè pase montan jeneralman yo faktire (AGB) pou pasyan ki gen yon kouvèti asirans. Pou kalkile Montan Jeneralman yo Faktire (AGB), Boston Medical Center itilize metòd retwospektiv ki itilize done ki sòti nan peman Medicaid, baze sou 12 mwa ane fiskal anvan an, pou detèmine pousantaj Montan Jeneralman yo Faktire pou fè peye yo. BMCHS itilize pousantaj Montan Jeneralman yo Faktire a, epi metòd kote li te detèmine a disponib, gratis nan Konsèy Finansye pou Pasyan (Patient Financial Counseling), (PFC), epi Depatman an. Ou ka fè demann ou pandan w ap rele nan 617-414-5155 oswa voye yon imèl nan DG-FinancialCounseling@bmc.org.

Konseye pou yon aplikasyon sètifye (Certified Application Counselor, CAC) - Yon moun (afilye avèk yon òganizasyon yo chwazi) ki fòm epi ki kapab ede konsomatè yo, ti antrepriz yo, epi anplwaye yo pou egzamine opsyon pou kouvèti medikal ki konfòm ak Lwa pou swen abòdab (Affordable Care Act, ACA), mache pou asirans sante a pwopoze, epi ede yo detèmine elijibilite ak konplete fòm pou anrejistreman an.

Pwogram Swen pou Charite - Yon pwogram asistans finansye Boston Medical Center pwopoze ki ofri yon pousantaj rabè sou balans ki sou kont pasyan an baze sou kapasite pasyan an pou peye epi yon detèminasyon nan pwogram elijibilite a jan li espesifye nan politik pou asistans finansye lopital la.

Sèvis fakiltatif - sèvis medikal nesèsè ki pa nesèsite swen oswa tretman ki sòti nan yon depatman ijans oswa nan yon lopital pou swen grav pou yon estabilizasyon medikal, epi poutèt sa, pa reponn ak definisyon sèvis ijans oswa an ijans. Pasyan an planifye jeneralman, men pa eskisivman sèvis li yo alavans.

Sèvis Ijans - Sèvis medikal ki nesèsè yo bay apre yon pwoblèm medikal parèt, ke li fizik oswa mantal, k ap manifeste li menm ak sentom ki ase grav li gen ladan l gwo doulè, pou n pa atann yon

fason ki rezonab absans oswa neglijan pou yon atansyon medikal rapid kapab gen yon efè negatif sou sante moun lan, ki ka lakòz yon menas serye, yon defisyan oswa yon move fonksyonman nan nenpòt pati nan kò a oswa ògàn nan kò a, sou sa ki konsène yon fi ki ansent, jan sa defini an detay nan seksyon 1867(e) (1) (B) nan lwa sou sekirite sosyal, 42 U. S.C. § 1295dd(e)(1)(B). Sèvis Ijans lan genyen ladan l yon egzamen medikal pou depistaj epi tretman pou pwoblèm medikal ijans, oswa nenpòt lòt kalite sèvis yo bay nan mezi ki nesèsè selon **EMTALA** (42 USC 1395(dd) ki kalifye tankou yon Swen Ijans. Sèvis ijans yo genyen ladan l tou: sèvis yon pwofesyonèl medikal ki otorize konsidere kòm yon ijans; Swen medikal pou pasyan ki entène ki asosye avèk swen ijans pou pasyan ki pa entène; epi transfè pasyan ki entène nan yon lòt lopital pou swen entansif nan Boston Medical Center pou yo kapab bay pasyan ki entène a swen ki pa disponib lòt kote ke nan lopital yo transfere l la.

EMTALA - lwa federal pou tretman medikal an ijans ak travay aktif (Emergency Medical Treatment & Labor Act, EMTALA), yon lwa kongrè a pwomilge an 1986 pou garanti aksè ak sèvis ijans kèlkeswa kapasite yo pou peye. Seksyon 1867 nan lwa sou sekirite sosyal la enpoze obligasyon espesifik sou lopital k ap patisipe nan Medicare la ki ofri sèvis ijans, pou yo bay yon egzamen medikal depistaj lè yo fè yon demann pou yon egzamen oswa tretman pou yon pwoblèm medikal ijans, li gen ladan l yon akouchman ki angaje, kèlkeswa kapasite moun nan pou li peye. Lopital yo gen egzijans pou yo bay yon tretman estabilizatè pou pasyan ki gen yon pwoblèm medikal ki ijan (Emergency medical condition, EMC). Si yon lopital pa kapab estabilize yon pasyan nan limit kapasite l, oswa si yon pasyan mande l, yo dwe mete sou pye yon transfè apwopriye.

Aksyon pou rekouvremant ekstrawòdinè (Extraordinary Collection Actions, ECA) – Nenpòt aksyon Boston Medical Center (oswa nenpòt ajan nan Boston Medical Center, li gen ladan l yon ajans pou rekouvremant) kont yon moun pou yo kapab jwenn peman yon fakti politik sa a kouvri ki nesèsite yon pwosedi legal oswa jidisyè, li enplike pou vann dèt yon moun oswa bay yon lòt pati, oswa rapòte enfòmasyon ki pa favorab konsènan yon moun nan ajans pou evalyasyon kredi konsomasyon oswa nan biwo kredi. Plaseman yon kont avèk yon tyès pati pou rekouvremant se pa yon Aksyon pou rekouvremant ekstrawòdinè (Extraordinary Collection Actions, ECA).

Rekòmandasyon nan nivo federal (Federal Poverty Guidelines, FPG) - Gouvènman nan Etazini detèmine l epi pibliye chak ane nan Jounal ofisyèl gouvènman federal la (Federal Register). Rekòmandasyon nan nivo federal yo baze sou gwosè fanmi a epi revni fanmi a epi yo itilize l pou detèmine elijibilite pasyan an pou yon asistans finansyè nan kad pwogram Medicaid nan Eta a ak politik asistans finansyè nan Boston Medical Center .

Frè Avan Taks – Pri konplè ki etabli pou swen medikal yo ke BMCHS faktire yon fason sistematik epi ki menm pou tout pasyan yo anvan alokasyon kontraktyèl, rabè, oswa lòt dediksyon yo aplike.

Pwogram Sekirite pou Sante (Health Safety Net, HSN) – Pwogram sekirite pou sante (Health Safety Net) se yon pwogram asistans finansyè ki peye pou kèk sèvis medikal ki nesèsè yo bay pasyan kalifye ki gen yon revni ki fèb nan Sant Sante Kominotè nan Massachusetts (Massachusetts' community health centers, CHCs) epi nan lopital pou swen ki grav yo. Pwogram

Sekirite pou Sante (Health Safety Net, HSN) peye tou Sant Sante Kominote nan Massachusetts epi lopital pou swen ki grav yo pou depans medikal difisil (lè depans medikal ki kalifye ou depase yon pousantaj espesifik pou revni yon fanmi), epi pou kèk tip move peman nan lopital la. Yo te kreye pwogram sekirite pou sante (HSN) pou distribiye yon fason ki pi jist frè pou swen yo pa peye pou rezidan Massachusetts ki gen revni ki fèb, atravè swen y ap ofri yo gratis oswa ak pri redui nan eta a. Yo mete ansanm swen yo pa peye yo nan kad pwogram pwoteksyon pou sante (Health Safety Net) atravè yon kotizasyon yo egzije chak lopital pou kouvri frè pou swen yo bay pasyan ki pa asire epi ki mal asire ki gen revni yo ki enferyè ak 300% nan nivo povrete federal la. Politik lopital la vle pou tout pasyan ki resevwa asistans finansyè nan kad politik asistans finansè nan lopital la ki genyen ladan l sèvis ki nan pwogram sekirite pou sante nan kad swen ki pa peye yo bay pasyan ki gen revni ki fèb.

Asire - Estati yon pasyan avèk asirans oswa kouvèti yon tyès pati ki peye tout pati frè avan taks pou sèvis medikal pasyan an. Kategori sa a genyen ladan l pasyan ki gen kouvèti yon peyè gouvènmantal tankou Medicare, Medicaid, Champus, ak avantaj yo otorize pou Veteran yo; ansanm ak peyè prive yo tankou avantaj Medicare, Oganizasyon Medicaid ap jere, swen komèsyal oswa ki ap jere, oto epi konpansasyon pou travayè.

Swen medikal ki Nesesè - sèvis nou atann yon fason ki rezonab pou yo prevwa, dyagnostike, anpeche li agrave, soulaje, korige, oswa trete pwoblèm ki mete lavi an danje, lakòz ou soufri oswa gen doulè, lakòz yon defòmasyon oswa yon move fonksyonman fizik, ki menase pou pwovoke oswa agrave yon andikap, oswa mennen yon maladi oswa enfimite. Sèvis medikal ki nesèsè genyen ladan l sèvis ki otorize pou pasyan ki entènè epi ki pa entènè nan kad Tit XIX nan lwa sou Sekirite Sosyal. Sepandan yon klasifikasyon pou Nesèsite Medikal pa vyole oswa pa anglobe klasifikasyon pou Sèvis Ijans oswa lwa EMTALA ki asosye avèk dezinyasyon an.

Lòt sèvis - sèvis kote yo pa demontre nesèsite medikal la pou klinisyen ki ap fè egzamen an oswa kote kalifikasyon pasyan an pou sèvis yo ka pa reponn ak definisyon ki nan plan asirans jeneral la pou koresponn ak kritè medikal nesèsè ki enpòtan pou sèvis la. Sèvis la genyen ladan l tou pwosedi oswa tretman kote plizyè plan asirans pa konsidere yo kòm medikalman nesèsè li gen ladan l, men li pa limite ak: Chiriji estetik, fekondasyon in vitro (FIV) oswa tout lòt Terapi Repwodiksyon Avanse (Advanced Reproductive Therapy, ART), sèvis pontaj gastrik (lè yon peyè pa gen yon detèminasyon pou nesèsite medikal), epi atik ki itil pou pasyan yo, tankou frè ki gen rapò ak sèvis nan nuit epi ki ale pi lwen pase sa ki nesèsè pou swen medikal oswa pou sèvis nan nuit pou pasyan an (entènè nèt oswa pou yon moman) lè yo pa t demontre aklè yon nesèsite medikal.

Sèvis Swen Primè - Sèvis pou swen sante, medsen jeneralis yo jeneralman bay, medsen fanmi, entènè jeneralis, pedyat jeneralis, ak enfimyè pwofesyonèl nan swen primè, oswa asistan medikal. Sèvis pou swen primè pa nesèsite resous espesyalize nan yon lopital pou swen grav, Depatman Ijans, epi li eskli sèvis oksilyè ak sèvis pou swen nan matènite.

Plan Sante Kalifye - Yon plan asirans, sètifye sou mache asirans sante a, ki bay avantaj pou sante ki esansyèl, li respekte limit ki etabli nan kesyon pataj frè (tankou franchiz, kopèman, ak montan maksimòm ki pou sòti nan pòch ou) epi ki reponn ak lòt egzijans lwa sou swen abòdab.

Rabè sou pèman ou fè pou tèt ou - Yon pousantaj rabè sou balans kont pasyan an peye pou tèt li baze sou estati pasyan ki pa asire. Boston Medical Center ofri pasyan ki pa asire yo yon rabè lè yo peye pou tèt yo ki baze sou kalkil Montan Jeneralman yo Faktire (AGB) ki pi resan an.

Mal asire - Estati pou pasyan ki gen yon sèten fòm asirans sante ki pa bay yon pwoteksyon finansyè ki kòrèk, sa ki lakòz yon enkapasite pou pasyan an kouvri ak lajan ki sòti nan pòch li, depans pou swen sante tankou kopèman, koasirans, ak franchiz founisè asirans lan detèmine epi pasyan an dwe pou sèvis medikal yo ba li.

Pa asire - Estati pou yon pasyan ki pa gen okenn asirans sante anvigè pou yon dat sèvis espesifik oswa lè yon sèvis pa efikas pou yon sèvis espesifik akòz limitasyon rezo a, avantaj asirans ki epuize oswa lòt sèvis ki pa kouvri.

Sèvis pou swen ijans - Sèvis medikal ki nesèsè yo bay apre yon pwoblèm medikal ki parèt britsoukou, ke li fizik oswa mantal, k ap manifeste li menm ak sentom ki ase grav (li gen ladan l gwo doulè) ke yon pwofan pridan ka kwè yon absans medikal nan yon delè 24 èdtan kapab mennen yon fason ki rezonab: sante pasyan an ki vin an danje, twoub nan fonksyon kòporèl, oswa yon move fonksyonman nenpòt ògàn oswa pati nan kò a. Yo bay sèvis pou swen ijans pou pwoblèm ki pa mete lavi an danje epi ki pa prezante yon gwo risk pou gen domaj grav sou sante yon moun. Sèvis pou swen ijans pa gen ladan l swen primè oswa ki fakiltatif.

Pwosedi

I. Kouvèti asirans pou sèvis swen sante

Boston Medical Center bay swen pou tout pasyan ki nesèsite sèvis ijans, sèvis pou swen ijans, oswa sèvis medikal ki nesèsè, epi fi ansent ki pral akouche kèlkeswa kapasite yo pou peye. Jan lwa federal pou tretman medikal an ijans ak travay aktif (EMTALA) egzije sa, lopital la ap fè yon egzamen medikal depistaj pou tout pasyan ki vini nan lokal Boston Medical Center pou chèche Sèvis Ijans pou yo kapab detèmine si gen yon pwoblèm medikal ijan ki egziste. Pwofesyonèl medikal ki ap trete a ap detèmine si sèvis ijans la nesèsè oswa si pa gen ijans pandan l ap evalye nivo swen ak tretman ki nesèsè pou chak pasyan baze sou sentom klinik ki prezan epi pandan l ap suiv estanda pou pratik ki aplikab yo.

- A. Elijibilte pou swen gratis oswa ak yon pri redui nan kad pwogram swen charite nan Boston Medical Center ki aplike pou sèvis ijans, swen an ijans, ak swen primè. Desizyon pou elijibilite yo jeneralman fèt apre yo fin bay sèvis la epi li baze sou sitiyasyon finansyè pasyan an jan Rekòmandasyon federal pou povrete (Federal Poverty Guidelines, FPG) detèmine l epi kalite ak klasifikasyon swen medikal yo bay pasyan an. (Gade dokiman C yo ajoute pou tablo Rekòmandasyon federal pou povrete).
- B. Sèvis pou swen primè gen ladan l swen medikal nesèsè pou kenbe sante a epi prevansyon pou maladi. Yo jeneralman planifye sèvis sa yo alavans oswa pasyan oswa founisè swen sante a ka planifye l menm jou a.

- a. Se medsen jeneralis, medsen fanmi, entènis jeneralis, pedyat jeneralis, enfimyè praktisyen oswa asistan medikal ki bay swen primè yo abityèlman, epi li pa nesese resous espesyalize nan sèvis ijans yon lopital pou swen ki grav epi li ka eskli sèvis oksilyè ak sèvis swen nan matènite a.
- C. Pa gen ijans, sèvis ki pa ijan, jan doktè ki ap trete yo a klase 1, yo konsidere l tankou sèvis fakiltatif epi yo jeneralman pa elijib pou rabè nan kad pwogram charite lopital la.
 - a. Yo ka retade oswa repòte yon sèvis ki pa ijan (sa vle di swen primè oswa fakiltatif) aprè yon konsiltasyon avèk founisè swen primè oswa founisè ki ap trete pasyan an, selon ka a si pasyan an estab medikalman epi/oswa si lopital la pa kapab jwenn oswa verifye yon sous peman oswa jenn enfòmasyon pou detèmine elijibilite a nan yon asirans sante piblik oswa prive pou kouvri frè sèvis yo.
 - b. Lè pa gen ijans oswa sèvis ki pa ijan yo pa eksplisitman eskli pou yon rabè. Boston Medical Center rezève li dwa pou li fè yon konsiderasyon endividyèl pou pasyan ki demontre sèl difikilte finansyè yo epi bay yon rabè ka pa ka jan sa di nan politik kredi ak rekouvremant Boston Medical Center epi ki ale pi lwen pase dispozisyon ki dekri nan FAP la.
- D. Elijiblite nan pwogram swen pou charite nan Boston Medical Center aplike yon fason ki regilye ak tout sèvis ijans, sèvis yo bay an ijans, sèvis pou swen primè, ak lòt swen medikal ki nesesev lopital la bay.

II. Elijiblite pou pwogram ak asistans finansyè

- A. Boston Medical Center ofri yon rabè pou tout pasyan ki pa asire ki peye pou tèt yo kèlkeswa kapasite yo pou peye. Sepandan, si yon pasyan ki pa asire pa kapab peye rès balans lan aprè rabè pou moun ki peye pou tèt yo aplike, pasyan an ka mande epi aplike nan pwogram swen pou charite nan Boston Medical Center .
 - a. Si yon pasyan ki pa asire resevwa yon rabè pou moun ki peye pou tèt yo epi apres a li bay enfòmasyon pou kouvèti asirans ki valid pou dat sèvis rankont la, lè sa a Boston Medical Center ap anile rabè pou moun ki peye pou tèt yo epi ap faktire tyès pati a.
 - b. Si yon pasyan ki pa asire resevwa yon rabè pou moun ki peye pou tèt yo epi apres a li kalifye pou èd finansyè nan kad pwogram swen pou charite, lè sa a y ap anile rabè pou moun ki peye pou tèt yo, epi y ap aplike rabè nan pwogram swen pou charite a pou klase kòrèkteman ajisteman kont lan.
 - c. Sèvis yo jeneralman eskli nan rabè pou pasyan ki peye pou tèt yo:
 - i. Medsen ki se antreprenè endepandan bay sèvis epi faktire swen yo bay yo yon fason prive olye yo pase pa youn (1) nan gwoup doktè ki afilye avèk Boston Medical Center .
 - ii. Balans kont lan aprè tretman asirans lan li gen ladan l kopeman, koasirans, epi franchiz asirans lan.

- iii. Sèvis ki fakiltatif tankou chiriji estetik, reklamasyon pou machin ak motè, reklamasyon pou responsabilite sivil (tyès-pati), sèvis ki gen yon tarif fiks, sèvis gwoupe, tarif kontraktiyèl, ak lòt sèvis ki pa medikalman nesèsè, epi/oswa sèvis kote yo te deja aplike rabè sou frè yo jeneralman, men pa yon fason ki klè, yo retire nan rabè pou moun ki peye pou tèt yo paske yo kapab aplike yon konsiderasyon endividyèl.
- B. Y ap evalue pou elijibilite ak kouvèti asirans pasyan ki pa asire oswa ki mal asire ki demontre bezwen finansyè yo pou swen medikal sou baz rekòmandasyon ki etabli anvan sa epi ki konsistan pwogram Medicaid nan Eta a te detèmine, Plan Sante pou moun ki kalifye, epi pwogram swen pou charite nan Boston Medical Center .
 - C. Pasyan yo ka mande yon asistans finansyè nan nenpòt moman pandan pre-enskripsyon, enskripsyon, lè w entène, pasyan ki nan konsiltasyon ekstèn, oswa pandan sik faktirasyon ak rekouvremant pandan l ap mande epi soumèt yon demann pou asistans finansyè ki konplè.
 - D. Yon konseye pou yon aplikasyon sètifye (Certified Application Counselors, CAC) disponib nan Depatman pou konsèy finansye nan lopital la pou verifye elijibilite pasyan yo pou pwogram la epi bay asistans an pèsòn si sa nesèsè. Atik yo egzije pou aplike pou Pwogram Swen pou Charite a:
 - a. Demann ki konplè, pasyan an siyen epi mari oswa madanm li siyen si li marye, oswa yon garan (sa vle di paran oswa yon moun ki responsab)
 - b. Prèv Rezidans
 - c. Prèv Idantite
 - d. Prèv Revni mou nan Kay la
 - i. Revni ou touche
 - ii. Revni ou pa touche
 - iii. Revni lokatif
 - e. Deklarasyon pou sipò (si ou pa deklare okenn revni)
 - f. Enfòmasyon sou byen yo (aktif), li gen ladan l:
 - i. Etadkont Labank
 - ii. Politik pou asirans vi
 - iii. Valè pwopriyete yo, san yo pa konte rezidans primè a
 - E. Yo dwe evalue an premye tout pasyan ki fè yon demann pou asistans finansyè pou detèmine si yo elijib nan kad pwogram asistans piblik oswa QHP espesifik nan eta pasyan an rezide.
 - a. Nan Massachusetts, pwogram la genyen ladan l men li pa limite ak, MassHealth, pwogram pou peman èd pou prim yo Health Connector ap jere, pwogram sekirite pou swen medikal timoun, Pwogram pou pwoteksyon sante (Health Safety Net), ak Medical Hardship.

- b. Pasyan ki kalifye pou opsyon kouvèti asirans piblik dwe konfòme yo avèk pwosesis aplikasyon pou pwogram sa epi resevwa yon refi anvan yo envoke avantaj anplis nan kad pwogram swen pou charite.
 - c. Pwosesis pou seleksyon ak aplikasyon pou asirans sante piblik la se Konseye pou yon Aplikasyon ki sètifye pou lopital la k ap konplete l. Ou ka konplete epi soumèt aplikasyon an sou papyè, pa faks, oswa anliy atravè sistèm echanj pou asirans maladi nan Eta a (Health Insurance Exchange system, HIX).
- F. Konseye pou yon aplikasyon sètifye nan lopital la ka asiste pasyan yo tou pou ede yo aplike pou yon demand elijibilite ki pwobab pou yo akòde pasyan an nan sikonstans espesyal yon aksè imedyà nan sèvis MassHealth or Health Safety Net kouvri yo.
- i. Yon konseye pou yon aplikasyon sètifye konplete Pwosesis pou elijibilite ki pwobab la, ki sou baz yon atestasyon sou enfòmasyon finansyè pasyan an bay pwòp tèt li, pral detèmine ke pasyan an reponn ak definisyon Eta a pou pasyan ki gen revni ki fèb epi ki ap kalifye pasyan an pou yon kouvèti asirans nan kad MassHealth oswa HSN.
 - ii. Yon dezinyasyon pou yon pwobab elijibite prevwa yon peryòd limite pou yon kouvèti elijib, ki kòmanse nan dat konseye pou yon aplikasyon sètifye nan lopital la pran desizyon an jiska fen mwa ki vini aprè a. Pandan yon peryòd pwobab pou yon elijibilite, pasyan an dwe ranpli epi soumèt yon demann konplè avèk dokiman ki verifye pou li asire l kouvèti asirans lan ap kontinye.
- G. Si yo detèmine yon pasyan pa elijib pou yon pwogram asistans piblik, QHP, HSN oswa Difikilte Medikal (Medical Hardship), y ap evalye elijibilite li pou pwogram swen pou charite nan lopital la.
- a. Atravè patisipasyon nan pwogram pou sekirite sanitè nan Massachusetts, pasyan ki gen revni ki fèb yo, pasyan ki pa asire epi ki mal asire k ap resevwa sèvis nan Boston Medical Center ka elijib pou asistans finansyè, li gen ladan swen gratis oswa an pati pou sèvis li elijib nan pwogram pou sekirite sanitè. Politik lopital la vle pou tout pasyan ki resevwa asistans finansyè nan kad pwogram asistans finansyè lopital la li gen ladan l sèvis nan pwogram sekirite sanitè a nan kad swen ki pa peye yo bay pasyan ki gen revni ki fèb yo.
 - i. *Pwogram pou sekirite sanitè - Primè*- Rezidan nan Massachusetts ki pa asire avèk revni verifye ki ant 0 ak 300% nan nivo federal pou povrete a ki ka elijib pou sèvis elijib nan pwogram pou sekirite sanitè.
 - a. Peryòd elijibilite ak kalite sèvis ki gen kouvèti asirans nan *Pwogram primè pou sekirite sanitè (HSN Primary)*

- ki limite pou pasyan ki elijib pou enskri nan pwogram peman pou asistans pou prim (Premium Assistance Payment Program) nan Massachusetts k ap jere pa Health Connector.
- b. Pasyan yo soumèt ak egzijans pwogram asirans sante pou elèv nan Massachusetts (Massachusetts' Student Health Insurance Program) pa elijib pou *Pwogram primè pou sekirite sanitè (HSN Primary)*.
- ii. *Pwogram pou sekirite sanitè – Sekondè* - pasyan ki se rezidan nan Massachusetts avèk yon asirans sante primè epi revni ki ant 0 ak 300% nan nivo federal pou povrete a ki ka elijib pou sèvis elijib nan pwogram pou sekirite sanitè.
 - a. Peryòd elijibilite ak kalite sèvis ki gen kouvèti asirans nan *Pwogram sekondè pou sekirite sanitè (HSN Secondary)* ki limite pou pasyan ki elijib pou enskri nan pwogram peman pou asistans pou prim (Premium Assistance Payment Program) nan Massachusetts k ap jere pa Health Connector.
 - iii. *Pwogram pou sekirite sanitè – Franchiz pasyèl* -Pasyan ki kalifye pou *Pwogram primè oswa sekondè pou sekirite sanitè* avèk yon revni ki ant 150.1% ak 300% nan nivo federal pou povrete a ki ka soumèt ak yon franchiz anyèl si tout manm yo nan Gwoup famiyal pou faktirasyon Prim yo (Premium Billing Family Group) epi gen yon revni ki siperyè ak 150.1% nan nivo povrete federal la. Pa gen franchiz pou okenn manm nan Gwoup famiyal pou faktirasyon Prim yo si revni an siperyè ak 150.1% nan nivo povrete federal la. Franchiz dediktib la egal ak montan pi gwo nan:
 - a. pri ki pi ba nan Pwogram asistans pou peman prim yo Health Connector premium ap dirije, epi ajiste pou gwo Gwoup famiyal pou faktirasyon Prim yon fason ki pwopòsyonèl ak revni estanda pou nivo federal pou povrete nan MassHealth, nan kòmansman ane sivil la; oswa
 - b. 40% nan diferans ant revni ki pi ba MassHealth Modifye epi Ajiste pou Revni ki rantre an gwo nan revni kay la (MassHealth Modified Adjusted Gross Income Household income) oswa Revni yo kapab konte pou difikilte medikal fanmi a (Medical Hardship Family Countable Income) jan yo dekri l nan 101 CMR 613.04(1), Gwoup famiyal pou faktirasyon Prim epi 200% nan nivo federal pou povrete.

- iv. *Pwogram Sekirite pou Sante - Difikilte Medikal* -Yon rezidan nan Massachusetts kèlkeswa revni li ka kalifye pou *Difikilte Medikal (Medical Hardship)* atravè Pwogram Sekirite pou Sante si depans medikal ki disponib yo tèlman redui revni kontab yo, li pa kapab peye pou sèvis sante. Pou kalifye pou *Difikilte Medikal (Medical Hardship)*, frè medikal ki disponib pou aplikan yo dwe depase yon pousantaj yo espesifye nan revni aplikan an, konsa:
 - a. Nivo pou pousantaj revni nan revni kontab:

0 - 205%	Nivo federal pou povrete 10%
205.1 - 305%	Nivo federal pou povrete 15%
305.1 - 405%	Nivo federal pou povrete 20%
405.1 - 605%	Nivo federal pou povrete 30%
> 605.1%	Nivo federal pou povrete 40%
 - b. Yo kalkile kontribisyon yo egzije aplikan an tankou pousantaj ki espesifye nan revni kontab la baze sou nivo federal pou povrete fanmi ki nan *difikilte medikal*, multipliyè ak revni kontab reyèl la mwens fakti ki pa elijib pou peman Pwogram Sekirite pou Sante, kote aplikan an ap rete responsab.
 - b. Moun ki reponn ak egzijans pou elijibilite pou kalifye pou asistans finansyè nan kad pwogram sekirite pou sante jan yo dekri I nan II.E. nan FAP ka gen fakti ki egziste pou sèvis yo te ba yo anvan 10 jou ki vini anvan dat aplikasyon pou kouvèti asirans nan Pwogram Sekirite pou sante. Selon règleman Pwogram Sekirite pou sante, sèten sèvis primè epi fakiltatif pa elijib pou kouvèti asirans nan kad Pwogram Sekirite pou sante anvan peryòd 10 jou epi moun nan rete responsab pou montan fakti li yo. Nan moman yo detèmine elijibilite nan Pwogram Sekirite pou Sante, Boston Medical Center ap bay yon kouvèti pou swen charitab yo a 100% pou fakti sèvis yo bay nan peryòd anvan 10 jou epi pa angaje nan rekouvremant anplis pou fakti sa yo.
